

Bon Abitid Moun nan Kay pou Dlo Pwòp

Dlo ki pase sou tè, kit dlo lapli, nèj ki fonn, dlo ki lave vwati oswa awozaj pelouz ak jaden ranmase divès kalite kontaminan tankou lwil, metal ak bakteri. Kontaminan sa yo depoze dirèkteman nan twou kote dlo yo oswa yo ale nan basen-vèsan. Nan Cambridge, ekoulman sa a ale nan Charles River ak nan Alewife Brook. Environmental Protection Agency (Ajans Pwoteksyon Anviwònman) detèmine polisyon ki nan ekoulman dlo a se senpleman pi gwo kòz pwoblèm kalite dlo peyi nou. Chak jou, mezi pèsònèl ou pran kapab genyen yon enpak enpòtan sou kalite dlo ki nan rivyè zòn nou yo.



Lè pratike bon abitid nan kay, moun k ap viv nan zòn lan kapab pa kite polyan tankou pestisid, dechè bèt nan kay, ak fliyid otomobil tonbe nan tè a ak nan rivyè nou yo. Adopte bon abitid sa yo nan kay epi ede pwoteje Charles River ak Alewife Brook. Sonje pou pataje abitid sa yo avèk manm fanmi ou yo ak vwazen ou yo!

Pelouz ak Jaden - Lè yo mete twòp angrè ak pestisid nan peyizaj ak jaden yo, sa drene ak polye twou dlo yo. Answit, pyebwa yo koupe nan lakou ak fèy yo kapab ale nan basen-vèsan yo epi pèmèt eleman nitritif ak matyè òganik nan rivyè nou yo.

- Itilize pestisid yo ak angrè yo an ti kantite. Lè itilizasyon an nesesè, itilize sibstans chimik sa yo an kantite ki rekòmande. Pa itilize yo si previzyon metewolojik prevwa lapli pral tonbe. Lè sa posib, achte ak itilize pwodui ki pa toksik ak pwodui ki mikwo-òganis kapab degrade.
- Chwazi plant ak zèb natirèl ki reziste kont sechrès ak bèt nuizib. Plan natirèl yo bezwen mwens dlo, mwen angrè ak mwens pestisid.
- Bale debri ki nan lakou a olye ou lave zòn yo avèk jèdo.
- Resikle dechè lakou a avèk tou fèy yo, zèb yo, plant yo, tay ti pyebwa yo ak ti branch yo. Mete yo nan barik avèk otokolan Minisipalite a oswa nan sache papyè pou fatra lakou a. Rele Travo Piblik nan nimewo 617.349.4800 pou jwenn otokolan fatra lakou oswa pou jwenn enfòmasyon sou fason pou achte yon bwat konpòs ki rezistan kont bèt wonjè.



- Pa wouze pelouz ak jaden ou yo twòp. Wouze yo nan moman ki frèt nan jounen an, epi pa kite dlo a koule pou ale nan basen-vèsan yo. Enstale yon barik oswa yon rezèvwa lapli pou ranmase dlo lapli sou do kay ou pou itilize nan lakou ou.
- Anvan ou kòmanse yon pwojè deyò, chèche kote basen-vèsan yo epi pwoteje yo kont debri ak lòt sibstans.
- Kouvri pil fatra ak pay k ap itilize nan pwojè peyizaj pou pa kite bagay sa yo tonbe oswa ale nan basen-vèsan yo. Fè vejetasyon nan espas an ba nan lakou ou pou evite ewozyon sòl la.



Amenajman Peyizaj- Minimize ekoulman dlo nan lakou ou. Pou fè sa, fè chanjman ki senp nan peyizaj ou.

- Diminye kantite espas pave epi ogmante kantite espas ki genyen vejetasyon oswa espas ki pèmeyab nan lakou ou. Redirije goutyè yo lwen sifas ki pave yo ak nan espas ki genyen vejetasyon yo pou kapab ogmante enfiltrasyon dlo a.



- Enstale Barik oswa Rezèvwa Lapli pou ranmase dlo lapli sou do kay ou nan resipyan ki rezistan kont moustik. Ou kapab itilize dlo a annapre pou wouze peyizaj ou oswa espas kote ou fè jaden. Tcheke Cambridge DPW pou wè si y ap esponsore yon aktivite lavant Barik pou ranmase dlo lapli.
- Enstale Rain Gardens ak Grassy Swales pou ranmase dlo lapli epi kite li antre nan sòl la.



Swen Bèt nan kay - Dechè bèt nan kay kapab reprezante yon gwo sous bakteri ak eksè eleman nitritif nan dlo zòn lan.

- Toujou netwaye dechè bèt nan kay ou epi mete dechè a nan fatra, nan yon sache fèmèn oswa yon sache plastik ki mare oswa nan yon twalèt.

Antretyen Vwati - Lavaj vwati ou, degresaj pyès vwati epi fè mizo-pwen motè (tune-up) lakay ou kapab voye detèjan, lwil ak lòt kontaminan nan twou dlo lokal yo. Lè ou lage fliyid otomobil nan basen-vèsan, sa genyen menm rezilta ak lè ou lage sibstans yo dirèkteman nan Charles River ak nan Alewife Brook.

- Itilizasyon lavaj otomatik komèsyal oswa lave vwati ou sou yon pelouz oswa lòt sifas ki pa pave pou minimize kantite salte, dlo savon ki prale nan basen-vèsan yo
- Tcheke vwati ou, motosiklèt ou ak lòt machinri ak ekipman pou wè si yo genyen fuit ak ekoulman. Repare yo san pèdi tan. Netwaye fliyid ki tonbe yo avèk yon sibstans absòban, epi pa kite ekoulman yo ale toupre basen-vèsan yo. Sonje pou byen trete sibstans absòban an.
- Resikle lwil ize yo ak lòt fliyid otomobil. Pa lage yo nan basen-vèsan epi mete yo nan fatra. Moun nan zòn lan kapab pote lwil ize motè nan Travo Piblik lè biwo louvri ak nan Recycling Drop-Off Center jou madi ak jedi 4-7:30 epi jou samdi 9-4 pm.
- Diminye itilizasyon otomobil. Pou fè sa, ko-vwatiraj, itilize sèvis transpò piblik, monte bisiklèt ou oswa mache. Lè gen lapli, polisyon lè a tounen polisyon dlo.



Sonje -Pa mete pwodui kay ki genyen sibstans chimik nan tè, nan basen-vèsan oswa nan anba kannal. Ou dwe byen trete pwodui tankou ensèktisid, pestisid, penti abaz lwil, sòlvan ak lwil ize motè ak lòt fliyid oto. Minisipalite Cambridge esponsorize plizyè aktivite ranmasaj Dechè Danjere Kay chak ane.



Liy Dirèk pou Dlo k ap koule:

Rapòte ba DPV devèsman ilegal nan basen-vèsan oswa dechaj ki sanble sal nan bouch evakyasyon. Pou fè sa, rele (617) 349-4800 oswa (617) 349-4846, oswa kontakte nou nan imèl:

TheWorks@cambridgema.gov

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit wèb

www.cambridgema.gov/TheWorks ak

<http://www.epa.gov/owow/nps/whatis.html>